



Pou Piblikasyon Imedya: 06/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KOMITE KONSILTATIF POU DEVLOPE  
REKÒMANDASYON POU KONSEPSYON AK POZISYON YON MONIMAN POU  
TRAVAYÈ ESANSYÈL YO NAN VIL NEW YORK**

***Yon Komite ki konpoze ak reprezantan ki soti nan yon seri gwoup travayè  
esansyèl ki te ede nan repons istorik New York kont COVID-19 la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse kreyasyon Komite Konsiltatif Travayè Esansyèl (Essential Workers Advisory Committee) la pou bay kontribisyon li nan konsepsyon ak rekòmandasyon pou yon moniman nan Vil New York k ap onore sèvis ak sakrifis travayè esansyèl New York yo atravè tout pandemi COVID-19 la.

"Pa ka gen okenn fason pou rekonpanse konplètman travayè esansyèl yo ki te ede nan rekipasyon nou an anba pandemi devastatè ki rive yon fwa chak syèk sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Vrè ewo sa yo kontinye ede ak enspire nou epi yo merite tout respè nou. Pou onore yo, nou vle yo kreye yon moniman ki pou kanpe pou tout tan pandan New York ap emèje pi solid ak pi fò pase anvan."

Moniman pou Esansyèl Travayè yo pral onore 17 gwoup travayè esansyèl yo ki gen manm yo ki te kontinye sèvi Nouyòk yo yon fason dezenterese pandan repons Eta a kont pandemi kowonaviris la. Gwoup sa yo gen ladan: Enfimyè yo, Doktè yo, Anplwaye Lopital yo, Pwofesè yo, Travayè Transpò yo, Lapolis, Anbilans/EMT, Ponpye yo, Koreksyon, Asenisman, Gad Nasyonal, Anplwaye Magazen yo, Anplwaye Gouvènman yo, Travayè Sèvis Batiman yo, Travayè Sèvis Piblik yo, Chofè Livrezon yo, ak Konstriksyon/Faktori.

Komite Konsiltatif Travayè Esansyèl, ki gen ladan 23 moun ki reprezante gwoup travayè sa yo, la pral bay konsèy sou konsepsyon, pozisyon, ak enstalasyon nouvo moniman an. Manm Komite Konsiltatif Travayè Esansyèl la se:

- Mario Cilento, ki se Prezidan AFL-CIO Eta New York
- Gary LaBarbera, ki se Prezidan New York State Building & Construction Trades Council (Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon nan Eta New York) ak Prezidan Building & Construction Trades Council of Greater New York (Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon nan Greater New York)
- Vincent Alvarez, ki se Prezidan, New York City Central Labor Council (Konsèy Santral sou Travay Vil New York)

- Stuart Appelbaum, ki se Prezidan Retail, Wholesale and Department Store Union (Sendika Lavant an Detay, Lavant an Gwo ak Gwo Magazen)
- Oren Barzilay, ki se Prezidan Uniformed EMT, Enspektè Paramedics & Fire - FDNY
- Kyle Bragg, Prezidan, 32BJ SEIU
- Sam Fresina, ki se Prezidan, NYS Professional Firefighters Association (Asosyasyon Ponpye Pwofesyonèl NYS)
- Henry Garrido, Direktè Egzekitif, DC 37
- Thomas Gesualdi, ki se Prezidan, Teamster's Local 282
- George Gresham, Prezidan, 1199 SEIU
- Pat Kane, RN, Direktè Egzekitif Asosyasyon Enfimyè Eta New York (New York State Nurses Association)
- Bonnie Litvack, MD, ki se Prezidan Medical Society of the State of New York (Sosyete Medikal nan Eta New York)
- Rich Maroko, ki se Prezidan Hotel Trades Council (Konsèy Metye Otelri)
- Harry Nespoli, ki se Prezidan Uniformed Sanitationmen's Association (Asosyasyon Travayè Asenisman an Inifòm yo)
- Andrew Pallotta, ki se Prezidan New York State United Teachers (Pwofesè Ini Eta New York)
- Michael Powers, Prezidan New York State Correctional Officers Police Benevolent Association (Asosyasyon Benevòl Lapolis Ofisye Koreksyonèl Eta New York)
- Majò Jeneral Raymond F. Shields, Jr., Jeneral Adjwen New York
- James Shillito, Utility Workers of America Local 1-2
- Wayne Spence, ki se Prezida, New York State Public Employees Federation (Federasyon Anplwaye Piblik Eta New York)
- Mary Sullivan, ki se Prezidan CSEA Local 1000
- Dennis Trainor, ki se Vis-Prezidan CWA District 1
- Tony Utano, ki se Prezidan TWU Local 100
- Richard Wells, ki se Prezidan Police Conference of New York (Konferans Lapolis New York)

Pandan ke pwosesis vaksinasyon an sou pye, chak Nouyòkè ta dwe kontinye mete yon mask, pran distans sosyal, epi evite ti rasanbleman ak gwo rasanbleman yo. Enskri pou ka jwenn mizajou chak jou sou COVID ak vaksen yo [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)